

Fason pou Gen Laviktwa sou Kolera: Prezantasyon ak Kontwòl Klinik pou Epidemi Kolera Ayiti, 2010

- Reydration rapid avèk anpil volim ap sove lavi moun
- Anpil pasyan kapab rehydrate nèt avèk solisyon reydration oral (ORS)
- Menmsi pasyan an resevwa reydration sou fòmè sewòm (IV), li ta fèt pou kòmanse bwè ORS imedyatman li kapab fè sa

Pifò moun ki enfekte avèk bakteri kolera genyen sentòm dyare modere oswa yo pa genyen sentòm ditou. Sèlman apeprè 7% moun ki enfekte avèk *Vibrio cholerae* O1 gen maladi ki lakòz yo bezwen swiv tretman nan yon sant sante.

Yo ta fèt pou evalye ak trete pasyan ki gen kolera yo touswit. Avèk bon jan tretman, menm pasyan ki malad grav yo kapab sove. Reydration rapid se premye objektif tretman an.

SENTÒM KOLERA KI MODERE OSWA GRAV

Dyare ki vini anpil epi ki dlo
Vomisman
Lakranp nan janm

SIY AK SENTÒM DEZIDRATASYON

Enpe dezidratasyon

- Ajitasyon ak iritabilite
- Zye ki antre
- Bouch ak lang sèk
- Ogmantasyon swaf
- Po kò a retounen dousman lè ou penche li
- Diminisyon nan pipi
- Tibebe yo: kriye mwens, tanp ki bese

Dezidratasyon grav

- Dòmi anpil oswa pèt konsyans
- Bouch ak lang ki sèk anpil
- Po kò a retounen trè dousman lè ou penche li (“vwal”)
- Batman kè fèb oswa ki pa la
- Tansyon ki ba
- Pipi minimòm oswa moun nan pa pipi ditou



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

REYIDRATASYON ORAL

Pasyan dezidrate yo ki kapab chita ak bwè ta dwe resevwa solisyon sèl reyidratasyon oral (ORS), epitou yo ta dwe ankouraje pasyan sa yo pou bwè. Li enpòtan pou ofri solisyon ORS, mezire kantite pasyan an bwè, epitou mezire dlo ki pèdi a sou fòm dyare ak vomisman. Pasyan ki vomi yo ta dwe resevwa ti gòje solisyon ORS souvan, oswa solisyon ORS nan sonn nazo-gastrik. Yo ta dwe fè solisyon ORS la avèk dlo pwòp. Dlo pwòp vle di dlo a te bouyi oswa trete avèk yon pwodui abaz klowòks oswa avèk klowòks ki sèvi nan kay.

Gid pou trete pasyan ki dezidrate enpe

Estime kantite solisyon ORS pou bay nan premye 4 èdtan yo pou pasyan ki dezidrate yo. Itilize laj pasyan an sèlman lè ou pa konnen pwa (gwochè) a:						
Laj	<4 mwa	4-11 mwa	12-23 mwa	2-4 ane	5-14 ane	≥15 ane
Pwa (kg)	<5	5-7	8-10	11 -15	16-29	≥30
ml	200-400	400-600	600-800	800-1200	1200-2200	2200-4000

- Ou kapab kalkile kantite ORS (an mililit) a depi ou miltipliye pwa pasyan an kg pa 75.
- Yon estimasyon rapid reyidratasyon oral pou gran timoun ak adilt yo se 100ml ORS chak senk (5) minit, jouk lè pasyan an vin estab.
- Si pasyan an bezwen plis pase solisyon ORS ki preskri pou li a, bay li plis.
- Pou Tibebe yo:
 - » Ankouraje manman an pou kontinye bay tibebe li tete.

Nòt:

1. Volim ak tan ki endike a se gid ki baze sou bezwen òdinè. Si li nesèsè, ou kapab ogmante kantite a ak kantite fwa pou bay li, oswa ou kapab bay solisyon ORS la nan menm ritm la pou yon peryòd tan pi lonb pou reyalize reyidratasyon ki konvnan. Menm jan tou, kantite likid la kapab diminye si idratasyon an reyalize anvan lè ki prevwa.
2. Pandan premye etap terapi a, si pasyan an toujou dezidrate, pasyan adilt yo kapab konsome 1000 ml solisyon ORS pa èdtan, si li nesèsè, epitou timoun yo kapab konsome 20ml/kg pwa kò yo pa èdtan.
3. Re-evalye pasyan an apre 1 èdtan terapi epi answit chak 1 a 2 èdtan jouk lè reyidratasyon an fin fèt.
4. Rekòmanse bay manje avèk rejim alimantè nòmal lè vomisman an sispann.

REYIDRATASYON SOU FÒM SEWÒM (IV)

Pasyan ki dezidrate yon fason ki grav, ki akable, ki nan koma, ki gen vomisman san kontwòl, oswa ki gen gwo-gwo fatig ki anpeche yo bwè ta dwe reyidrate sou fòm sewòm (IV).

sewòm (IV)

- Pi bon Solisyon Laktat Ringer
- Akseptab* Sewòm nòmal*
- Pa akseptab Solisyon glikoz òdinè (dekstwoz)

**Akseptab nan ijans, men li pa korije asidoz epi li kapab lakòz dezekilib elektwolit vin grav.*

Gid pou trete pasyan ki dezidrate grav

Kòmanse sewòm (IV) imedyatman. Si pasyan an kapab bwè, bay li solisyon ORS nan bouch pandan w ap prepare enjeksyon-gout IV a. Bay 100 ml/kg Solisyon Laktat Ringer ki repati konsa:

Laj	Toudabò bay 30 ml/kg IV nan:	Puis administrez 70 ml/kg IV en:
Tibebe (<12 mwa)	1 èdtan	5 èdtan
Pi aje (>1 ane)	30 minit*	2 ½ èdtan

** Refè menm bagay la yon sèl fwa si poul radyal la (batman kè) toujou trè fèb oswa pa ka detekte.*

- Re-evalye pasyan an chak 1-2 èdtan epi kontinye idrate li. Si idratasyon an pa amelyore, bay li enjeksyon-gout IV a pi vit. 200ml/kg oswa plis kapab nesèsè pandan premye 24 èdtan tretman an.
- Epitou bay solisyon ORS la (apeprè 5 ml/kg pa èdtan) imedyatman pasyan kapab bwè.
- Apre 6 èdtan (pou tibebe yo) oswa apre 3 èdtan (pou pasyan ki pi aje yo), fè yon re-evalyasyon konplè. Chanje solisyon ORS la si idratasyon an vin amelyore epitou si pasyan an kapab bwè.

Siy reyidratasyon konvnb

- Po kò a retounen nòmalman lè ou penche li
- Swaf la diminye
- Pipi a pase
- Batman kè a fò

ANTIBYOTIK

Si ou bay yon antibyotik nan bouch, sa ap redui volim ak dire dyare a. Nou rekòmande tretman avèk antibyotik pou pasyan ki malad yon fason ki modere oswa yon fason ki grav, sitou pou pasyan ki kontinye pou pou anpil pandan yo sou tretman reyidratasyon, ak tout pasyan ki entèn nan lopital. Pa bay antibyotik pou moun ki asenptomatik (moun ki ka transmèt maladi a sa yo pa gen sentòm). Si ou bay zen nan bouch, sa kapab redui dire pifò dyare enfektye sou timoun. Ou pa dwe bay okenn lòt medikaman anplis ke antibyotik ak zen pou tretman dyare oswa vomisman.

Antibyotik oral apwopriye (bay youn nan sa yo) ** TOUT NAN BOUCH**

- Rekòmandasyon sa yo baze sou pwofil rezistans antibyotik *V. cholerae* izole nan epidemi kolera Ayiti a, jan yo te rapòte nan dat 14 desanm 2010, ak nan disponiblite medikaman lokal.
- Genyen plizyè posiblite pou premye chwa ak dezyèm chwa ki prezante. Chwa antibyotik yo ta fèt pou baze sou konsiderasyon ka chak moun ak sou medikaman ki disponib yo.

Klasman pasyan yo	Premye chwa	Dezyèm chwa
Adilt (ki pa ansent)	Doxycycline: 300 mg nan bouch nan yon dòz	Azithromycin: 1 gram nan yon sèl dòz Tetracycline: 500 mg 4 fwa pa jou pandan 3 jou Erythromycin: 500 mg 4 fwa pa jou pandan 3 jou
Fanm ansent	Azithromycin: 1 gram nan yon dòz	Erythromycin: 500 mg 4 fwa pa jou pandan 3 jou
Timoun ≥12 mwa epi ki kapab vale grenn ak/oswa konprime	Azithromycin: 20 mg/kg nan yon dòz Erythromycin: 12.5 mg/kg 4 fwa pa jou pandan 3 jou Doxycycline: 2-4 mg/kg nan yon dòz**	Tetracycline: 12.5 mg/kg 4 fwa pa jou pandan 3 jou
Timoun <12 mwa ak lòt timoun ki pa kapab vale grenn oswa konprime yo	Sispansyon oral Azithromycin: 20 mg/kg nan yon dòz Sispansyon oral Erythromycin: 12.5 mg/kg 4 fwa pa jou pandan 3 jou Sispansyon oral Doxycycline: 2-4 mg/kg nan yon dòz**	Sispansyon oral Tetracycline: 12.5mg/kg 4 fwa pa jou pandan 3 jou

* Doxycycline bon pou tretman kolera sou timoun nan dòz ki rekòmande. Òganizasyon Panamèriken Sante rekòmande doxycycline kòm yon chwa dezyèm liy akòz disponiblite rejyonal li, epi pou evite twòp itilizasyon sou timoun yo.

Sipleman zen

Sipleman zen redui gravite ak dire pifò dyare timoun yo genyen akòz enfeksyon. Lè li disponib, ou ta dwe kòmanse sipleman an (10-20 mg zen pa jou) imedyatman.

Referans:

1. Òganizasyon Mondyal Sante. Premye etap pou kontwòle yon epidemi dyare grav. WHO/CDS/NCS/2003.7.Rev.1 http://www.who.int/topics/cholera/publications/en/first_steps.pdf, accessed October 25, 2010
2. Òganizasyon Mondyal Sante. Kontwòl Pasyan ki gen Kolera. Jenè, Lasuis: Òganizasyon Mondyal Sante, Pwogram pou Kontwòl Maladi ki bay Dyare, 1992. (WHO/CDO/SER/15 rev 1)

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi
 Divizyon Maladi Moun Trape nan Manje, nan Dlo ak nan Anviwònman
 National Center for Emerging and Zoonotic Infectious Diseases
 1600 Clifton Road, Atlanta, GA 30333 USA

Tiliv sa a fè pati byen piblik, epi ou kapab repwodui li san pwoblèm.
 Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:
<http://www.cdc.gov/cholera/>
<http://www.cdc.gov/healthywater/>
<http://www.cdc.gov/healthywater/global/household.html>